

# Sant Sante pou Fanm Nan Cambridge

## Bay fanm bon jan swen sante.

Pou anpil ane, y'ap ofri fanm tout laj OB/GYN ak swen espesyal. Jodi a, gwoup anplwaye nou yo tankou doktè yo, enfimyè yo, ak fanmsaj yo fyè pou yo travay ak fanm yo epi ba yo swen sante ki pi bon an.

## Pasyan yo ap jwenn:

- Swen obstetrik ak fanm saj
- Sèvis jinekoloji woutin, tankou kèk pwosedi piti ki ka fèt nan biwo a
- Planin familyal
- Nitrisyon
- Sipò pou menopoz
- Sante Mantal pou Fanm yo

Sant Sante pou Fanm nan tabli nan Lopital Cambridge la. Pasyan nou yo jwenn yon apwòch swen "one-stop." Sa vle di yon aksè pou anpil sèvis ak tès yo ki fasil tankou:

- Mamografi dijital dènye modèl
- Sant mal tèt pou fanm yo
- Tès pou epesè zo
- Newoloji
- Operasyon
- Òtopedi
- Lòt kalite espesyalite

## Sèvis Sante pou Fanm yo nan Cambridge Health Alliance

- Sant Sante pou Fanm yo nan Cambridge
- Sant Sante pou Fanm yo nan Somerville
- Sant sante yo ki nan Cambridge, Somerville ak Revere.

Fanmi yo ka chwazi nan Sant Matènite tou nèf nou an ki nan Lopital Cambridge la. Genyen tou yon Sant akouchman pa lòt bò lopital la.

## Nou fyè de sa nou pral site la yo ke nou genyen:

- Sant Sante pou Tete tou nèf ak yon sal Radyografi pou tete nan Lopital Cambridge la
- Sant Mal Tèt pou Fanm nan Lopital Somerville la
- Mamografi Dijital nan tou lè twa lopital yo

## Sa pasyan nou yo di:

*"Swen mwen resevwa nan Sant Sante Fanm yo nan Cambridge la te toujou eksepsyonèl."*

*"Moun ki founi swen sante yo koute mwen epi yo konprann bezwen mwen yo."*

*"Doktè mwen an se yon "kredi" pou pwofesyon li a. Li vrèman koute mwen epi travay avèm tankou yon patnè."*

*"Mwen pa ka di ase de anplwaye ak anviwònman nan Sant Sante Fanm nan. Yo pran ka moun, yo pwofesyonèl, epi yo gen konesans."*



Ana Domingues, MD



Magdi Soliman, MD

**Asirans**

Nou aksepte pifò plan sante yo tankou Tufts, Blue Cross ak Harvard Pilgrim.

**Lang**

Anpil nan anplwaye nou yo ak moun ki founi swen yo pale lòt lang. Entèprèt pou lòt kalite lang yo gratis.

**Lokasyon ak Lè yo**

Cambridge Women's Health Center  
The Cambridge Hospital  
1493 Cambridge Street  
Ambulatory Care Center, 3rd Floor  
Cambridge, MA 02139

**617-665-2800**

- Lendi: 8:30 di maten – 5:00 nan apremidi
- Madi: 8:30 di maten – 5:00 nan apremidi
- Mèkredi: 8:30 di maten – 8:00 nan aswè
- Jedi: 8:30 di maten – 5:00 nan apremidi
- Vandredi: 8:30 di maten – 5:00 nan apremidi

# Sant Sante pou Fanm Nan Cambridge

**The Cambridge Hospital**  
1493 Cambridge Street  
Ambulatory Care Center, 3rd Floor  
Cambridge, MA 02139

**617-665-2800**

[www.cambridgehealthalliance.org](http://www.cambridgehealthalliance.org)



Cambridge Health Alliance



HARVARD MEDICAL  
SCHOOL TEACHING  
AFFILIATE